



## **Kesyon ki Pwopoze yo**

### **Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil Nouyòk 2025**

#### **Kesyon 2**

Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Akselere Konstriksyon Lojman Abòdab pou Ogmante Òf nan Tout Vil la

Akselere konstriksyon lojman abòdab leta finanse yo. Akselere aplikasyon k ap founi lojman abòdab nan katye ki pwodwi mwens lojman abòdab yo, diminye peryòd analiz la an anpil. Kenbe analiz Konsèy Kominotè a.

"Wi" akselere aplikasyon yo nan Komisyon Nòm ak Apèl oswa Komisyon Planifikasyon an. "Non" kite lojman abòdab sijè a yon analiz ki pi long epi yon desizyon final nan men Konsèy Minisipal la.

#### **Kesyon 3**

Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: senplifye analiz pwojè lojman ak enfrastrikti senp yo

Senplifye analiz kantite minim inite lojman adisyonèl ak enfrastrikti minè yo pou diminye peryòd analiz an anpil. Kenbe analiz Konsèy ominotè a, epi desizyon final nan men Komisyon Planifikasyon Iben an.

"Wi" senplifye analiz pou chanjman limite nan itilizasyon tè, tankou pwojè lojman minim ak enfrastrikti minè. "Non" kite chanjman sa yo sijè a yon analiz ki pi long, avèk desizyon final la nan men Konsèy Minisipal la.

#### **Kesyon 4**

Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Mete sou Pye yon Komisyon Apèl pou Lojman Abòdab ki Gen Reprezantan Konsèy la, Awondisman an, Vil la

Mete sou Pye yon Komisyon Apèl pou Lojman Abòdab avèk Prezidan Konsèy la, Prezidan Awondisman lokal la, ansanm ak Majistra a pou analize mezi Konsèy la pran ki rejte oswa chanje aplikasyon pou kreye lojman abòdab.

"Wi" mete sou pye Komisyon Apèl pou Lojman Abòdab ki gen twa manm pou refile pèspektiv Konsèy, Awondisman, ak tout Vil la. "Non" kite lojman abòdab sijè a veto Majistra a ak desizyon final Konsèy Minisipal la.

### **Kesyon 5**

Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Kreye yon plan nimerik Vil la pou Modènize Operasyon Minisipal yo

Konbine fonksyon biwo plan an ak distribisyon adrès awondisman yo epi kreye yon sèl Kat Nimerik Vil la nan Depatman Planifikasyon Iben an. Jodi a, Kat Vil la se kat papye ki repati nan senk biwo.

"Wi" kreye yon Kat Nimerik konbine pou Vil la. "Non" kenbe senk fonksyon planifikasyon ak distribisyon adrès separe, ke biwo Prezidan Awondisman an jere.

### **Kesyon 6**

Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Deplase Eleksyon Lokal yo nan Ane Eleksyon Prezidansyèl yo pou Ogmante Patisipasyon Votè yo

Deplase dat eleksyon primè ak jeneral Vil la pou eleksyon Vil yo fèt nan menm ane ak eleksyon prezidansyèl federal yo, lè lwa eta a pèmèt sa.

"Wi" deplase eleksyon minisipal yo nan menm ane ak eleksyon prezidansyèl federal yo, lè lwa eta a pèmèt sa. "Non" kite lwa yo san chanjman.

## **Kesyon 2 Sou Bilten Vòt**

### **Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Akselere Konstriksyon Lojman Abòdab pou Ofri Plis Lojman Abòdab nan Tout Vil la**

#### **Rezime**

Pwopozisyon sa a ta dwe kreye de nouvo pwosedi piblik akselere pou lojman abòdab: Mezi Zonaj pou Pwojè Lojman Abòdab Komisyon Nòm ak Apèl la (BSA) ak Akselerasyon Lojman Abòdab.

Premyèman, pwopozisyon an t ap pèmèt BSA a apwouve lojman abòdab leta finanse apre Konsèy Kominotè ki konsène a fin analize yo. BSA a t ap oblije fè konsta sou karaktè katye a ak nesesite pou pwogram nan.

Dezyèmman, amanman an t ap etabli yon pwosedi analiz rapid pou itilizasyon tè – ak analiz Konsèy Kominotè konsène a, Prezidan Awondisman konsène a, ak Komisyon Planifikasyon Vil la – pou chanjman zonaj ki founi lojman abòdab nan 12 distri kominotè ki gen pousantaj pwodiksyon lojman abòdab ki pi ba a.

#### ***Mezi Zonaj BSA pou Pwojè Lojman Abòdab***

**Ki jan li fonksyone:** Kounye a, BSA gen otorite pou mete egzijans zonaj akote pou fasilite sèten devlopman lojman abòdab, men otorite sa a limite a pwojè ki respekte nòm strik pa rapò ak difikilte, orijinalite, ak enposiblite nan reyalizasyon ekonomik. Pwojè ki pa respekte nòm sa yo dwe pase nan Pwosedi Analiz Itilizasyon Inifòm Tè (ULURP) a – yon pwosesis analiz sèt mwa ki kòmanse ak opinyon konsiltatif Konsèy Kominotè konsène a ak Prezidan Awondisman an, epi apre sa, analiz ak vòt nan Komisyon Planifikasyon Vil la ak Konsèy Minisipal la.

Pwopozisyon sa a t ap bay BSA otorite pou bay otorizasyon espesifik pou pwojè lojman abòdab leta finanse ki respekte egzijans konsta yo apre yon analiz 60 jou nan Konsèy Kominotè konsène a ak yon analiz 30 jou ak yon odyans piblik BSA òganize. Pwojè ki pa respekte egzijans konsta yo ka resevwa yon pwolongasyon 60 jou pou plis etid oswa modifikasyon pwojè a pou yo ka chèche apwobasyon nan yon dezyèm odyans.

**Ki kalite lojman ki kalifye:** Nouvo mezi sa a t ap disponib pou konpayi ki òganize sèlman pou devlope pwojè lojman pou moun revni ba, tankou Konpayi Fon Devlopman Lojman yo –ki se kad legal pou prèske tout pwojè lojman abòdab leta Vil New York finanse.

**Ki faktè Komisyon Nòm ak Apèl la dwe konsidere:** Pou apwouve lojman abòdab dapre pwosesis rapid la, BSA gen obligasyon pou fè konsta ki gen rapò ak karaktè katye a ak nesesite pou pwogram la. Premye konsta a dwe asire pwojè a pa an kontradiksyon avèk karaktè katye k ap antoure li a. Dezyèm konsta a etabli ke yon pwojè bezwen eksepsyon zonaj pou l ka fèt epi ke Vil la oswa yon lòt antite gouvènmantral gen entansyon bay sipò finansye.

### ***Lojman Abòdab Akselere***

**Ki jan li fonksyone:** Kounye a, pwodiksyon lojman abòdab yo fèt nan yon fason inegal nan Vil la, avèk 12 distri kominotè ki ajoute menm kantite lojman ak 47 lòt yo ansanm pandan 10 dènye ane yo. Pou adrese pwoblèm sa a, pwopozisyon Pwogram Lojman Abòdab Akselere kreye yon pwosesis apwobasyon rapid pou pwojè ki founi lojman abòdab nan distri kominotè ki pwodwi mwens lojman abòdab. Dapre pwopozisyon an, Vil la t ap evalye to pwodiksyon lojman abòdab nan chak distri kominotè chak senkan epi answit akselere pwojè ki gen lojman k ap toujou rete abòdab ladan yo nan 12 Distri Kominotè kote to sa yo pi ba to.

Pou jwenn 12 Distri Kominotè sa yo, yo t ap divize kantite total inite lojman abòdab ki te kreye pandan senk dènye ane sa yo pa kantite total inite lojman ki te genyen nan kòmansman peryòd senk ane a. Fòmil sa a mezire to kwasans lojman abòdab. Depatman Planifikasyon Vil la t ap detèmine douz distri kominotè sa yo chak senk ane.

**Ki kalite demann ki kalifye:** Pou yon demann kalifye pou pwosedi akselere sa a, li dwe gen ladan l lojman abòdab pèmanan dapre pwogram Lojman Enklizif Obligatwa Vil la epi li dwe chita nan youn nan douz distri kominotè ki gen pousantaj pwodiksyon lojman abòdab pi ba a. Depatman Planifikasyon Vil la t ap gen pou li onfime ke yon objektif prensipal demann nan se fasilite plis lojman ak lojman abòdab.

### **Kisa nouvo pwosesis pou analize chanjman zònaj lojman abòdab yo ye:**

Jodi a, demann pou chanjman zonaj yo tipikman pase nan ULURP – yon pwosesis analiz ki dire sèt mwa ki kòmanse ak opinyon konsiltatif youn apre lòt ki kòmanse nan Konsèy Kominotè konsène a ak Prezidan Awondisman an, epi ale pou analiz ak vòt nan Komisyon Planifikasyon Vil la ak Konsèy Minisipal la.

Amanman ki pwopoze a t ap gen ladan li menm opòtinite analiz pou Konsèy Kominotè a jan sa egziste jodi a men ak analiz Prezidan Awondisman an k'ap fèt an menm tan. Komisyon Planifikasyon Vil la t ap gen 30 jou pou fè analiz pa yo –

oswa 45 jou pou demann ki egzije analiz anviwònman ki pi pouse – epi fè yon vòt final. (Eleman sa a nan pwopozisyon an t ap antre an vigè si kesyon sa a sou bilten vòt la ta apwouve, ki endepandan de si kesyon 3 sou bilten vòt la ki pwopoze tou yon pwosedi analiz rapid pou itilizasyon tè akselere apwouve.)

Pou li detèmine si l ap apwouve yon demann pou chanjman zonaj konsa, Komisyon Planifikasyon Vil la dwe fè konsta sou sifizans transpò, egou ak lòt enfrastrikti ki deja egziste yo, ansanm ak konsistans pa rapò ak plan lojman jis Vil la (Konstitisyon an deja egzije pou Vil la devlope yon plan konsa pou analize donetout vil la sou lojman jis).

Pwopozisyon an t ap egzije tou pou Depatman Planifikasyon Vil la ak Biwo Jesyon ak Bidjè a konsidere lis 12 Distri Kominotè ki pwodwi pi mwens lojman abòdab ak plan lojman ki jis nan preparasyon estrateji kapital preliminè 10 Ane Vil la.

**Aplikasyon:** Amannman pwopoze sa a ta pran efè imedyatman.



### **Kesyon 3 Sou Bilten Vòt**

#### **Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Senplifye Analiz Pwojè Lojman ak Enfrastrikti Senp yo**

##### **Rezime**

Pwopozisyon sa a t ap kreye yon Pwosedi Analiz Akselere sou Itilizasyon Tè (ELURP) pou sèten chanjman ak pwojè nan itilizasyon tè, tankou ti ogmantasyon nan kapasite lojman; akizisyon, likidasyon, ak sèten chanjman nan Kat Vil la ki gen rapò ak lojman abòdab; ansanm ak pwojè enfrastrikti ak rezistans, tankou leve nivo yon lari epi ajoute panno solè sou pwopriyete piblik.

**Kijan li fonksyone:** Kounye a, demann pou chanjman zonaj ak lòt aksyon pou itilizasyon tè, kèlkeswa gwose yo, dwe pase nan Pwosedi Analiz Inifòm Itilizasyon Tè Vil la (ULURP) – yon pwosesis analiz ki dire sèt mwa ki kòmanse ak opinyon konsiltatif Konsèy Kominotè konsène ak Prezidan Awondisman an, epi pou Komisyon Planifikasyon Vil la ak Konsèy Minisipal la analize epi vote sou li.

Pwopozisyon sa a t ap kreye yon lòt pwosedi pou sèten demann pou chanjman zonaj ak lòt mezi pou itilizasyon tè. Nouvo pwosesis sa a t ap kenbe menm peryòd analiz 60 jou a pou Konsèy Kominotè yo ak yon odyans piblik, avèk analiz Prezidan Awondisman an k ap fèt an menm tan. Komisyon Planifikasyon Vil la ap gen 30 jou pou l òganize yon odyans piblik epi vote sou demann nan. Desizyon Komisyon Planifikasyon Vil la t ap final, san analiz Konsèy Minisipal la apre sa.

Pou likidasyon pwopriyete Vil la bay Konpayi Fon Devlopman Lojman yo – antite ki pou prèske tout pwojè lojman abòdab ki finanse leta Vil New York la finanse – se Konsèy Minisipal la ki pral t ap bay dènye apwobasyon an olye de Komisyon Planifikasyon Vil la.

**Ki kalite pwojè ki elijib pou pwosedi rapid sa a?** Pwosedi analiz rapid sa a rezève pou demann ki espesifye nan demann yo. Anjeneral, se demannn tankou ti chanjman zonaj senp pou lojman (chanjman zonaj nan distri ki gen yon wotè estanda ki pa depase 45 pye nan zòn kote dansite a fèb ak ogmantasyon nan kapasite lojman jiska 30% nan zòn kote dansite a mwayen ak wo yo); likidasyon, akizisyon, ak sèten chanjman nan Kat Vil la pou lojman abòdab; akizisyon ak seleksyon sit pou pwojè rezistans ak espas ouvè; vant pwopriyete Vil la ki pa ka

devlope oswa itilize; akizisyon pou racha volontè akòz inondasyon; ak lokasyon pou enèji solè sou teren piblik.

Se sèlman pwojè ki pa gen okenn enpak negatif siyifikatif anviwònman an sou kominote yo ki elijib pou pwosedi akselere ki dekri nan kesyon sou bilten vòt sa a. Si yon pwojè, akòz gwo li oswa nati li, egzije yon deklarasyon enpak anviwònman an dapre lwa eta a ak lwa lokal la, l ap toujou swiv Pwosedi Analiz Inifòm Itilizasyon Tè a pou l ka resevwa yon analiz piblik anviwònmantal ki pi apwofondki.

**Aplikasyon:** Amannman pwopoze sa a ta pran efè imedyatman. Sepandan, li pa t ap aplike a demann depoze nan Depatman Planifikasyon Vil la dapre Pwosedi Analiz Inifòm Itilizasyon Tè a epi ki sètifye kòm konplè anvan dat li antre an vigè.



## **Kesyon 4 Sou Bilten Vòt**

### **Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Mete sou Pye yon Komisyon Apèl pou Lojman Abòdab ki Gen Reprezantan Konsèy la, Awondisman an, ak Vil la**

#### **Rezime**

Pwopozisyon sa a t ap kreye yon Komisyon Apèl pou Lojman Abòdab, ki gen ladan Prezidan Awondisman ki konsène a, Prezidan Konsèy Minisipal la, ak Majistra a. Nouvo Komisyon Apèl sa a t ap gen otorite pou analize epi anile desizyon Konsèy Minisipal la ki pa apwouve oswa ki modifiye demann pou itilizasyon tè ki fasilite kreyasyon lojman abòdab dirèkteman. Komisyon Apèl la t ap ranplase veto Majistra a genyen kounye a, Konsèy la t ap kapab kontoune veto sa a pou kalite demann itilizasyon tè sa yo.

Objektif nouvo Komisyon Apèl sa a se jwenn yon ekilib ant vizyon lokal la, vizyon nan awondisman ak nan Vil la sou pwodiksyon lojman abòdab. Pou fè sa li t ap bay Prezidan an, Prezidan Awondisman konsène a ak Majistra a otorite pou analize epi anile desizyon Konsèy Minisipal la pran sou kesyon itilizasyon tè ki afekte devlopman lojman abòdab — men sèlman si de nan twa manm yo dakò.

**Kijan li fonksyone:** Kounye a, kèk nan mezi sou itilizasyon tè, tankou aplikasyon pou chanjman zonaj, pèmi espesyal, ak lòt, dwe pase pa Pwosedi Analiz Inifòm Itilizasyon Tè Vil la (ULURP) – yon pwosesis ki dire sèt mwa ki kòmanse ak opinyon konsiltatif Konsèy Kominotè ak Prezidan Awondisman ki konsène a, epi pou pase devan Komisyon Planifikasyon Vil la ak Konsèy Minisipal la pou analiz ak vòt. Majistra a ka mete veto sou mezi Konsèy la, epi Konsèy la gen kapasite pou anile veto sa a.

Dapre pwopozisyon an, Komisyon Apèl Lojman Abòdab la t ap gen otorite pou analize epi anile mezi Konsèy Minisipal la pran ki pa apwouve oswa ki modifiye demann ki fasilite devlopman lojman abòdab dirèkteman. Menm lè yon bon pati nan ULURP a – soti nan Konsèy Kominotè a rive nan Konsèy Minisipal la – t ap rete san okenn chanjman, Komisyon Apèl la t ap gen otorite pou fè dènye analiz sou demann itilizasyon tè sa yo. Demann pou itilizasyon tè ki pa gen rapò ak devlopman lojman abòdab pa antre nan kad otorite Komisyon Apèl la.

Komisyon Apèl la t ap gen twa manm: Prezidan Konsèy la, Prezidan Awondisman ki afekte a, ak Majistra a (oswa yon repezantan chak manm). Si omwen de nan twa manm yo dakò, Konsèy la ap gen otorite pou anile yon dezapwobasyon oswa yon modifikasyon Konsèy la sou yon demann pou itilizasyon tè ki ta ka fasilite devlopman plis lojman abòdab dirèkteman.

**Ki mezi sou itilizasyon tè ki t ap antre nan kad Komisyon Apèl Lojman Abòdab la?** Komisyon Apèl Lojman Abòdab la t ap entèvni sèlman nan demann ak modifikasyon tèks zonaj ULURP ki ta ka fasilite kreyasyon lojman abòdab dirèkteman. Pami yo genyen demann pou chanjman zonaj ki nesès pou bay lojman abòdab nan kad pwogram Lojman Enklizif Obligatwa Vil la, ansanm ak mezi ki fasilite kreyasyon lojman abòdab dirèkteman, tankou pèmi espesyal pakin ki diminye oswa retire egzijans pou pa pakin nan lari, yon bagay ki ka jennen devlopman lojman abòdab. Anplis, Komisyon Apèl la sèlman ka analize demann kote tè ki nan demann nan fè pati de yon sèl awondisman. Chanjman ki pa afekte lojman abòdab oswa ki afekte plis ke yon awondisman, tankou chanjman ki konsène tout vil la, t ap kontinye swiv menm pwosedi analiz ki genyen jodi a.

**Ki lè Komisyon Apèl Lojman Abòdab la ta ka entèvni?** Sèl deamnn ki fasilite kreyasyon lojman abòdab ki refize oswa apwouve ak modifikasyon ap kalifye pou analiz Komisyon Apèl Lojman Abòdab la. Si Konsèy la apwouve yon demann san modifikasyon, Komisyon an pa t ap gen otorite pou analize demann sa a. Anplis, okenn mezi sou itilizasyon tè pa prale nan Komisyon Apèl la otomatikman. Olye de sa, yon aplikan dwe swa fè apèl kont desizyon Konsèy la oswa Komisyon Apèl la ka "rele" – oswa mande pou analize – yon aplikasyon. Komisyon Apèl la t ap gen otorite pou li apwouve yon demann oswa anile youn oswa plizyè nan modifikasyon Konsèy la te fè avèk akò omwen de nan twa manm yo sèlman.

**Aplikasyon:** Amannman ki pwopoze nan Konstitisyon an pou mete Komisyon Apèl Lojman Abòdab la sou pye a t ap pran efè imedyatman.

## **Kesyon 5 Sou Bilten Vòt**

### **Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Kreye yon plan nimerik Vil la pou Modènize Operasyon Minisipal yo**

#### **Rezime**

Pwopozisyon sa a t ap egzije pou Vil la konsolide epi nimerize Plan Vil la. Kounye a, Konstitisyon an bay senk Biwo Topografik Prezidan Awondisman yo responsablite administrasyon Plan Vil la, ki se yon ansanm plis ke 8000 kat an papyè diferan. Pwopozisyon sa a ta ranplase Plan Vil ki egziste kounye a, yon Plan desantralize sou papyè, pa yon sèl Plan Vil ke Depatman Planifikasyon Vil la (DCP) t ap administre epi li t ap pèmèt nimerizasyon Plan Vil la tou. Dapre pwopozisyon an, DCP t ap pran responsablite pou distribisyon adrès la tou.

**Kisa Plan Vil la ye:** Plan Vil la etabli kote liy, lajè, non, ak nivo legal ri yo defini legalman, ansanm ak anplasman pak ak espas piblik yo. Jodi a, Plan Vil la se senk gwoup plan diferan, youn pou chak awondisman, ki fè plis ke 8000 plan an papyè diferan an tou. Gen sèten pwojè lojman, pwojè enfrastruktir, ak lòt kalite pwojè ki egzije konfimasyon otorite piblik jan li reprezante sou Plan Vil la anvan yo ka avanse, yon pwosesis ki ka pran plizyè mwa oswa ane lè li depann de plan sou papyè.

**Kijan li fonksyone:** Pwopozisyon an ta santralize administrasyon Plan Vil la nan DCP epi enpoze yon sèl Plan Vil la ki kouvri Vil la an antye olye de plan sou papyè limite a chak awondisman. Pwopozisyon an t ap egzije tou pou Plan Vil la nimerize. Li t ap santralize administrasyon distribisyon adrès nan Depatman Planifikasyon Vil la tou olye pou kite distribisyon adrès nan men senk Biwo Topografik Prezidan Awondisman yo.

**Aplikasyon:** Transfè distribisyon adrès la soti nan Biwo Topografik Prezidan Awondisman an pou ale nan Depatman Planifikasyon Vil la ap pran efè 1ye janvye 2027.

Plan Vil la ta dwe konbine an yon sèl dokiman 1ye janvye 2028 pou pita, oswa Komisyon Planifikasyon Vil la ka detèmine yon dat pita ki reyalizab.

Plan Vil la ta dwe nimerize 1ye janvye 2029 pou pita, oswa Komisyon Planifikasyon Vil la ka detèmine yon dat pita ki reyalizab.



## Kesyon 6 Sou Bilten Vòt

### Amanman Ki Pwopoze pou Konstitisyon an: Deplase Eleksyon Lokal yo nan Ane Eleksyon Prezidansyèl yo pou Ogmante Patisipasyon Votè

#### Rezime

Pwopozisyon sa a t ap chanje lè eleksyon fèt pou pòs Majistra, Defansè Piblik, Kontwolè Finansye, Prezidan Awondisman, ak Manm Konsèy Minisipal yo pou deplase dat eleksyon primè ak jeneral pou Vil la ale nan ane pè, apre chanjman obligatwa nan lwa Eta a.

**Kijan li fonksyone:** Kounye a, eleksyon pou Pòs nan Vil la fèt nan ane enpè. Pwopozisyon sa a t ap prevwa eleksyon nan ane pè ki koresponn ak eleksyon prezidansyèl federal yo. Li obligatwa pou gen yon amannman nan Konstitisyon an pou deplase kalandriye eleksyon an nan ane pè epi pou prevwa yon tranzisyon k ap fèt yonn sèl fwa kote fonksyonè eli yo t ap gen yon manda twa zan (kontrèman ak kat ane abityèl la). Yon chanjman nan Konstitisyon Eta a, ki egzije pou tout fonksyonè vil yo eli nan ane enpè, nesèsè tou anvan Vil New York ka fè chanjman pou mete eleksyon lokal li yo nan ane pè. Si chanjman nesèsè yo fèt nan lalwa eta a, eleksyon pou pòs nan Vil la t ap fèt nan menm ane ak eleksyon prezidansyèl federal yo.

**Tranzisyon yon sèl fwa pou soti nan eleksyon nan ane enpè pou eleksyon nan ane pè:** Yon chanjman pou eleksyon nan ane pè sou sik prezidansyèl la, lè li antre an vigè, t ap egzije pou gen yon tranzisyon ki fèt yon sèl fwa kote fonksyonè ki eli yo t ap fè yon manda twa zan olye de katran abityèl la. Lè sik tranzisyon inik sa a rive t ap depann de si wi ou non epi ki lè lwa Eta a pou pèmèt Vil Nouyòk deplase eleksyon li yo nan ane pè antre an vigè.

**Manda dezan pou Manm Konsèy Minisipal yo:** Kounye a, Konstitisyon an prevwa yon manda rakousi, dezan sèlman, chak 20 lane pou Konsèy Minisipal, pou pèmèt kowòdinasyon ant manda Manm Konsèy Minisipal yo ak redistribisyon nan awondisman yo ki obligatwa apre chak resansman sou chak dizan. A koz de sa, chak de deseni, Vil la òganize eleksyon pou Konsèy Minisipal la men pa pou fonksyonè eli nan tout Vil la oswa nan tout Awondisman an. Dapre sistèm ki pwopoze a, manda dezan sa yo ki chak ventan sa yo t ap eleimine pou manm Konsèy yo ka fè manda katran sèlman. Kòm konsekans, pafwa ap gen plis reta nan itilizasyon nouvo liy distri yo apre yon redistribisyon ke sa ki genyen jodi a, men

chanjman sa a asire ke eleksyon pou Konsèy Minisipal la fèt pandan sik ki gen pi gwo patisipasyon ke yo espere asosye ak eleksyon ki fèt nan ane pè yo.

Si yon lwa Eta a ki otorize Vil la òganize eleksyon pou pòs nan Vil la nan ane pè pran efè pandan yon manda dezan, manda sa a ta swa diminye a yon ane oswa pwolonje a twa zan, selon moman egzak lwa Eta a pran efè a. Tranzisyon ponktyèl sa a t ap pèmèt òganizasyon eleksyon pou pòs nan Vil la nan ane pè.

**Aplikasyon:** Pwopozisyon sa a ta antre pran efè nan dat yon lwa Eta a ki otorize Vil la òganize eleksyon pou pòs nan Vil la nan ane pè antre an vigè.